

Kategori : **KONSÈY VIL POU LEKÒL SEGONDÈ**Pibliye : 26 jen
2012Nimewo : **D-160**Sijè : PWOSESIS POU NONMEN AK POU CHWAZI MANM KONSÈY LEKÒL
SEGONDÈ POU VIL LA LADAN KONBLE PÒS VID

Paj : 1nan 2

REZIME CHANJMAN YO

Regleman sa a an vigè apati dat yo afiche l epi li mete ajou ak ranplase Reglelarn Chanselye D-160 *Chancellor's Regulation D-140* ki gen dat 24 mas 2010.

Chanjman :

- Men chanjman yo fè nan kondisyon elijiblite kandida ki vle yo eli yo pou *Citywide Council on High Schools* ("CCHS"): Kandida yo fèt pou se paran elèv ki nan lekòl segondè nan moman an. Yo detèmine elijiblite apati dat paran an soumèt yon aplikasyon pou l poze kandida pou yon pòs nan CCHS la. (Gade paj 1, Seksyon I.A.1)
- Yo revize lwa sou konfli enterè a pou fè referans ak CR D-125. (Gade paj 2, Seksyon 1.A.3.c)
- Kounye a kandida yo ka aplike pou plis pase yon konsèy edikasyon pou kominote *Community Education Council* (CEC) ak/oswa konsèy edikasyon Vil . Menmsi yo pèmèt plizyè aplikasyon, kandida yo pa p ka manm nan plis pase yon konsèy. Nan moman aplikasyon an, kandida ki aplike pou vin manm nan plis pase yon konsèy dwe klase konsèy y ap aplike yo nan lòd yo pi pito. Kandida yo chwazi sou kondisyon pou vin manm nan plis pase yon konsèy ap nan konsèy yo chwazi anpremye a pami konsèy yo chwazi pou yo mete yo sou kondisyon an. (Al gade paj 2, seksyon II.A)
- Kounye a yo egzije kandida pou yo mete enfòmasyon sou chak lekòl segondè leta kote yo gen yon timoun. Y ap konsidere yon reprezantan nan chak lekòl sa yo. Si yon kandida pa bay enfòmasyon sou chak lekòl kote kandida a se yon reprezantan, sa ka lakoz Chanselye a diskalifye l, si li vle. (Gade paj 2, seksyon II.B)
- Men chanjman yo fè nan pwosesis chwa a: yo elimine vòt preliminè a nan pwosesis la la, epi yo pote chanjman nan pwosedi pou fè fowòm kandida yo pou yo pote amelyorasyon nan patisipasyon Konsèy Prezidan Borough *Borough Presidents' Councils*. (Al gade paj 2-3, seksyon IV)
- Si yon kandida gen pitit nan lekòl segondè leta nan diferan *borough*, kandida a ap parèt nan bilten vòt chak *borough* kote li gen pitit nan lekòl segondè. (gade paj 3, Seksyon V.A.1, referans 4)
- Yo ka chwazi yon kandida ki reprezante lekòl nan plizyè *borough* sèlman nan yon sèl *borough* nan CCHS la. Si yo chwazi yon kandida sou kondisyon pou reprezante plizyè *borough*, kandida a dwe fè konnen kiyès nan *borough* yo l ap reprezante, epi yo p ap konsidere yo ankò pou lòt *borough* yo. (gade paj 3, Seksyon V.A.2, referans 5)
- Si li nesèsè pou gen yon lòt tou eleksyon, paske poko gen moun nan youn oswa plis pozisyon apre yo aplike restriksyon pou pa chwazi plizyè kandida nan yon menm lekòl, tout kandida ke yo pa te ko chwazi yo e ki pa gen pitit nan yon lekòl ki deja gen reprezantan nan CCHS la, ap elijib pou yo chwazi yo nan lòt tou eleksyon an. (Gade paj 3, Seksyon V.A.3.b)
- Si li nesèsè pou gen plizyè tou eleksyon, y ap fè tou eleksyon yo anmenmtan, men nan segman separe, avèk gwoupman kandida dapre obligasyon règleman an. (Gade paj 3, Seksyon V.A.3.d)
- Moun ki enterese pou yo manm nan Komite pou Edikasyon espesyal Vil la *Citywide Council on Special Education* (CCSE) ki nan CCHSE dwe soumèt yon aplikasyon nan Divizyon pou Angajman fanmi ak kominote *Division of Family and Community Engagement* (FACE). (Al gade paj 4, seksyon V.B.)

Kategori : **KONSÈY VIL POU LEKÒL SEGONDÈ**

Pibliye : 26 jen
2012

Nimewo : **D-160**

Sijè : PWOSESIS POU NONMEN AK POU CHWAZI MANM KONSÈY LEKÒL
SEGONDÈ POU VIL LA LADAN KONBLE PÒS VID

Paj : 2nan 2

- Moun ki enterese vin manm pou Komite Vil la pou elèv k ap aprann lang angle *Citywide Council on English Language Learners*(CELL) ke yo nome nan nan CCHS dwe soumèt aplikasyon yo nan FACE. (Al gade paj 4, seksyon V.C.)
- Kandida ki vle sèvi kòm defansè piblik *Public Advocate* yo nome nan CCHS dwe soumèt aplikasyon yo nan biwo *Public Advocate* la. (Al gade paj 4, seksyon V.D.)
- Moun ki enterese pou konble pòs vid nan CCHS dwe soumèt yon aplikasyon ke y ap jwenn nan CCHS oswa nan FACE. (Gade paj 5, Seksyon IX.A.2)
- Tout kote ki te gen OFEA vin chanje an FACE.

REZIME

Konsèy Lekòl Segondè Vil *Citywide Council on High Schools* (CCHS) gen 13 manm ki ka vote ak yon manm ki se yon elèv ki pa ka vote. 13 manm yo s: paran elèv ki nan lekòl segondè leta (y ap rele "kandida paran" apre nan dokiman sa a) yo chwazi dapre pwosedi ki nan règleman sa a; yon manm ke Konsèy Edikasyon Espesyal Vil la *Citywide Council on Special Education* (CCSE) nonmen (y ap rele "kandida CCSE" apre nan dokiman sa a); yon manm Konsèy pou Elèv k ap Aprann Anglè Vil la *Citywide Council on English Language Learners* (CELL) nonmen (y ap rele apre "kandida CELL" apre nan dokiman sa a); ak yon manm ki ka vote Defansè Piblik Vil Nouyòk *Public Advocate of the City of New York* nonmen (y ap rele apre "kandida Defansè Piblik") Règleman sa a eksplike kondisyon pou kalifye kòm kandida ak pwosedi pou nonmen kandida ak pou chwazi manm CCHS yo. Li endike tou pwosesis pou konble pòs vid yo. CCHS la ap fè tout travay ak pran tout responsablite l dapre Lwa Vil Nouyòk sou Reyinyon piblik.

I. ELIJIBLITE

A. Kandida paran yo ak kandida CCSE, CELL, Defansè Piblik yo

1. Se sèl paran ¹ elèv ki nan lekòl segondè kounye a ki elijib pou nonmen tèt yo pou CCHS la. Yo detèmine elijiblite apati dat paran an soumèt yon aplikasyon pou l poze kandida pou yon pòs nan CCHS la. Yon paran ki elijib nan moman aplikasyon an, men ki pa gen yon timoun nan lekòl segondè leta ankò pandan dire manda l, pa p elijib ankò kòm manm apati dat li pa paran yon elèv ki nan lekòl segondè leta ankò.²
2. Moun sa yo pa kalifye dapre lalwa:
 - a. Moun yo eli nan yon pòs piblik oswa moun yo nonmen oswa eli nan pòs yon pati (eksepte delege oswa delege pwovizwa nan yon kongrè nasyonal, yon kongrè leta, oswa kongrè yon lòt pati, oswa manm nan komite yon rejyon *county*);
 - b. Anplwaye k ap travay nan Depatman Edikasyon *Department of Education* (DOE) nan moman an;
 - c. Moun yo jwenn koupab pou krim oswa ke yo te revoke nan yon CEC pou yon move zak ki gen rapò dirèk avèk pozisyon li nan Konsèy Vil la oswa CEC a, oswa yo te jwenn koupab pou krim ki gen rapò dirèk avèk Konsèy Vil sa a oswa CEC; epi
 - d. Moun ki nan yon lòt Konsèy vil oswa nan nenpòt CEC.
3. Anplis, moun nou pral site la yo pa elijib pou fè pati Konsèy la :
 - a. Manm Komite pou Règleman sou edikasyon;
 - b. Moun yo retire nan yon Asosyasyon Paran *Parent Asosyasyon* (PA)/Asosyasyon Pwofesè-Paran *Parent Teacher Association* (PTA), nan yon Komite dirijan lekòl *School Leadership Team* (SLT), nan Konsèy Prezidan Distri, nan Konsèy lekòl segondè Borough, oswa nan Komite lekòl kominotè oswa nan Komite Tit I pou yon move zak ki gen rapò dirèkteman ak sèvis yo ofri nan asosyasyon, ekip, konsèy, komite, oswa konsèy administrasyon; ak

¹ Yo defini "paran" kòm yon paran (dapre nesans oswa adopsyon timoun lan, bòpè/bèlmè oswa *foster* paran), gadyen legal, oswa yon moun ki gen yon lyen paran avèk yon timoun. Yon moun ki gen yon lyen paran ak yon timoun se yon moun ki responsab dirèkteman swen ak gadri yon timoun regilyèman nan plas yon paran oswa yon responsab legal.

² Jan lalwa mande l la, tout paran manm CCHS la se pral paran elèv ki nan lekòl segondè leta.

- c. Moun reprezantan etik DOE oswa lòt reprezantan Chanselye a jije ki gen yon konfli enterè dapre CR D-125.

B. Elèv

Elèv lekòl segondè k ap nan dènye ane lekòl yo pandan yo nan konsèy la epi ki nan gouvènman elèv yo eli nan lekòl yo elijib pou yo nonmen tèt yo lè yo soumèt yon aplikasyon bay Komite Konsèy Elèv Vil la *Citywide Student Advisory Council* (CSAC). Nan règleman sa a, yo konsidere yon elèv nan dènye ane lekòl segondè *senior yon elèv ki gen apeprè 30 kredi lekòl segondè*.

II. CHWA PARAN KÒM KANDIDA

- A. Paran ki enterese ofri sèvis yo nan CCHS ap soumèt yon aplikasyon yo ranpli sou entènèt pou pwopoze tèt yo kòm kandida nan www.nycparentleaders.org. Kandida yo ka aplike pou plis pase yon CEC. Menmsi yo pèmèt plizyè aplikasyon, kandida yo pa p ka manm nan plis pase yon konsèy. Nan moman aplikasyon an, kandida ki aplike pou vin manm nan plis pase yon konsèy dwe klase konsèy y ap aplike yo nan lòd yo pi pito. Kandida yo chwazi sou kondisyon pou vin manm nan plis pase yon konsèy ap nan konsèy yo chwazi anpremye a pami konsèy yo chwazi pou yo mete yo sou kondisyon an. Divizyon Angajman Fanmi ak Kominote *Division of Family and Community Engagement* (FACE) ap afiche delè pou soumèt aplikasyon yo nan www.nycparentleaders.org. Paran ki pa gen aksè nan Entènèt ka kontakte FACE pou jwenn yon lis lekòl ak òganizasyon lokal ki ka bay yo aksè nan yon konpitè ki gen koneksyon Entènèt.
- B. Kounye a yo egzije kandida pou yo mete enfòmasyon sou chak lekòl segondè kote yo gen yon timoun ak yon IEP nan moman an sou aplikasyon yo. Y ap konsidere yon reprezantan nan chak lekòl sa yo. Si yon kandida pa bay enfòmasyon sou chak lekòl kote li se yon reprezantan, li ka sibi diskalifikasyon depi Chanselye a vle.
- C. Y ap afiche kèk seksyon nan chak aplikasyon kandida (non, lekòl pitit yo ye, deklarasyon sou fòmasyon yo ak aktivite yo ak deklarasyon pèsònèl yo fè) sou www.nycparentleaders.org pou paran ak piblik la ka wè yo.

III. SELEKTÈ

Moun k ap seleksyone paran manm CCHS se twa manm konsèy egzekitif PA/PTA ke CR A-660 otorize nan chak lekòl segondè pou borough kote yo ye a.³ Manm konsèy egzekitif PA/PTA ki se kandida nan pwosesis chwa a, p ap elijib pou vote nan pwosesis eleksyon sa a. PA/PTA ap chwazi yon manm pou vote nan plas chak manm komite egzekitif pou pwosesis chwa kandida a.

IV. PWOSESIS POU FOWÒM KANDIDA.

- A. Nan chak Borough, Konsèy Prezidan Lekòl Segondè nan Borough a, ap kolabore avèk FACE pou òganize yon Fowòm Kandida kote y ap pèmèt kandida pou CCHS a fè prezantasyon bay selektè ak lòt paran ak pati ki enterese.
- B. Fowòm kandida yo dwe fèt apre delè pou soumèt aplikasyon kandida yo fin pase, men li dwe fèt avan selektè yo nome yo vote nan dezyèm madi mwa me ane eleksyon an. Konsèy Prezidan Lekòl Segondè Borough a ap chwazi yon lokal DOE, dat ak lè ki apwopriye pou fowòm kandida yo epi l ap pran tout pèmi ki obligatwa pou fowòm kandida yo. FACE ap peye frè pou tout pèmi ki nesèsè yo ak lòt frè ki gen pou wè ak Fowòm kandida a.
- C. FACE ap founi Konsèy Prezidan Lekòl Segondè Borough yo brochi kandida yo ki espesifik pou CCHS ki gen ladan non ak deklarasyon pèsònèl tout kandida pou CCHS, pou yo distribiye nan fowòm kandida yo. FACE ap bay lòt sipò lojistik pou fowòm kandida yo, lè l nesèsè.

³ Nan ka kote gen ko-prezidan, ko-sekretè, oswa ko-trezorye, rès manm komite egzekitif PA/PTA yo ap decide kiyès k ap jwe wòl yon selektè.

V. **PWOSESIS CHWA YO**

A. Seleksyon paran manm (ki ka vote)

1. Selektè yo dwe ale sou sit www.nycparentleaders.org pou vote. Dèke chak selektè konekte nan sit wèb la, y ap jwenn yon bilten vòt ki gen non kandida pou CCHS ki reprezante lekòl ki nan Borough kote pitit selektè a ale lekòl la.⁴ Chak selektè ap vote pou de kandida. FACE ap bay selektè yo enfòmasyon pi detaye konsènan jan pou yo fè vòt la.
2. Lè yo fin konte bilten yo :
 - a. Y ap chwazi de kandida ki resevwa pi gwo kantite vòt yo sou kondisyon, ann atandan yo verifye elijiblite yo.⁵ Men, okenn lekòl pa ka gen plis pase yon paran kòm reprezantan nan CEC a, eksepte jan yo prevwa l nan Seksyon V.A.2.b. Si yo chwazi plis pase yon kandida nan menm lekòl la, y ap chwazi kandida ki gen plis vòt la. Y ap retire nan lis la lòt kandida nan lekòl ki gen mwens vòt yo, epi y ap chwazi sou kondisyon moun ki gen plis vòt ki vin apre a nan lekòl ki poko reprezante nan CCHS la.
 - b. Restriksyon yo dekri nan V.A.2.a pa aplikab pou sitiyasyon kote si yo aplike restriksyon an sa ap lakoz yo chwazi pi piti pase 10 paran.
3. Sizoka ta gen kandida ki gen menm kantite vòt, oswa si nan kòmansman, yo ta chwazi mwens pase 10 kandida, y ap òganize yon dezyèm seleksyon. Nan ka sa yo, chak selektè ap vote pou yon kandida.
 - a. Lè l nesèsè pou fè yon dezyèm eleksyon pou yon pòs oswa plis pòs nan CCHS la poutèt gen kandida ki gen menm kantite vòt, se sèl kandida sa yo k ap kalifye pou yo chwazi yo nan dezyèm eleksyon an.
 - b. Lè li nesèsè pou gen yon lòt tou eleksyon, paske poko gen moun nan youn oswa plis pozisyon lè yo fin aplike restriksyon ki nan Seksyon V.A.2.a a ki fè yo pa ka chwazi divès kandida nan yon menm lekòl, tout kandida yo pat chwazi epi pitit yo pa nan yon lekòl ki deja gen reprezantan nan CCHS la, ap elijib pou yo seleksyone yo nan lòt tou eleksyon an. Si yo pa rive konble tout pòs yo nan dezyèm tou a, kidonk y ap aplike eksepsyon ki nan seksyon V.A.2.b
 - c. Lè li nesèsè pou fè yon dezyèm eleksyon poutèt gen yonn oswa plizyè pòs ki rete vid pou yon lòt rezon ki pa sa yo sot site pi wo yo ki nan Seksyon V.A.3. a V.A.3.b, tout kandida yo pa t chwazi deja ap elijib pou patisipe nan dezyèm eleksyon an.
 - d. Si li nesèsè pou fè plizyè lòt tou pou yo ka respekte kondisyon ki nan seksyon V.A.3.a, V.A.3.b ak V.A.3.c ki pi wo a, Y ap fè tou sa yo an menm tan men nan segman separe, ki gen regwoupe kondida yo dapre kondisyon ki nan seksyon V.A.3.a, V.A.3.b ak V.A.3.c.
 - e. Si nan pwosesis dezyèm tou a, yo pa rive konble tout pòs yo ajan endepandan k ap jere pwosesis seleksyon an pou DOE

⁴ Si yon kandida gen pitit nan lekòl segondè leta nan diferan *borough*, kandida a ap parèt nan bilten vòt chak *borough* kote li gen pitit nan lekòl segondè.

⁵ Yo ka chwazi yon kandida ki reprezante lekòl nan plizyè *borough* sèlman nan yon sèl *borough* nan CCHS la. Si yo chwazi yon kandida sou kondisyon pou reprezante plizyè *borough*, kandida a dwe fè konnen kiyès nan *borough* yo l ap reprezante, epi yo p ap konsidere yo ankò pou lòt *borough* yo.

pral detèmine gayan an nan yon tirajosò, ak menm restriksyon sou elijiblite ki nan seksyon V.A.3.a, V.A.3.b, and V.A.3.c pi wo a. Men, nan ka yon kandida pa gen okenn vòt ni nan premye pwosesis eleksyon an ni nan dezyèm tou eleksyon an, ap sanse gen yon pòs vid nan konsèy la kote yo dwe mete yon manm dapre pwosedi yo tabli nan Seksyon IX.A.2 ak IX.A.3 règleman sa a.

4. Si yon kandida yo chwazi nan yon borough vin pa elijib pou pòs la oswa si l vin pa kalifye apre pwosesis eleksyon an fini men nan jou 25 jen ane eleksyon an oswa avan, y ap chwazi kandida ki te gen plis vòt nan premye pwosesis seleksyon an sou kondisyon.⁶ Si kandida ki devan nan pwosesis la, vin gen menm kantite vòt, ajan endepandan k ap dirije pwosesis la pou DOE ap deside ki kandida ki gen eleksyon an dapre yon tiraj osò. Si pa gen kandida ki elijib ki rete pou yo chwazi, y ap konsidere genyen yon pòs vid nan konsèy la, y ap konble pòs sa a dapre pwosedi yo tabli nan Seksyon IX.A.2 ak IX.A.3 règleman sa a.
5. Dire manda paran manm yo se de ane epi pa gen limit pou kantite manda yo.

B. Nominasyon ki soti nan CCSE

CCSE a ap nonmen yon manm ki ka vote ki se paran yon elèv lekòl segondè ki gen yon pwogram edikasyon endividyèl *individualized education program* (IEP). Dire manda manm sa yo ap de ane epi pa gen limit nan kantite manda yo. Moun ki enterese pou CCSE nonmen yo pou CCHS la ap mande yon fòm aplikasyon nan FACE, epi soumèt fòm lan nan FACE lè yo fin ranpli l, pou yo ka voye l nan CCSE a.

C. Nominasyon ki soti nan CCELL

CCELL la ap nonmen yon manm ki ka vote ki se paran yon elèv ki nan yon pwogram edikasyon bileng oswa ESL nan yon lekòl segondè NYC. Dire manda manm sa yo ap de ane epi pa gen limit nan kantite manda yo. Moun ki enterese pou CCELL nonmen yo pou CCHS la ap mande yon fòm aplikasyon nan FACE, epi soumèt fòm lan nan FACE lè yo fin ranpli l, pou yo ka voye l nan CCELL la.

D. Nominasyon ki soti nan Defansè Piblik NYC

Defansè piblik NYC ap nonmen yon manm ki ka vote. Manm lan dwe rete nan vil la epi fòk li gen anpil eksperyans nan biznis oswa edikasyon nan biznis, epi li dwe pral fè yon gwo kontribisyon nan amelyorasyon edikasyon nan lekòl Vil Nouyòk. Dire manda manm sa yo ap de ane epi pa gen limit nan kantite manda yo. Kandida ki vle Defansè piblik la nonmen yo nan CCHS la ap jwenn yon aplikasyon nan biwo Defansè piblik la epi soumèt aplikasyon yo fin ranpli a nan biwo Defansè piblik la.

E. Nominasyon elèv manm

Komite Konsèy Elèv Vil la ki sou kont Chanselye *Citywide Student Advisory Council* (CSAC) ap revize aplikasyon yo soumèt yo, epi l ap rekòmande yon kandida pou Chanselye a nonmen.

VI. KONTWÒL KALIFIKASYON/ELIJIBLITE

Apre yo fin chwazi paran yo nonmen sou kondisyon men avan yo kòmanse fonksyon yo, Chanselye a oswa reprezantan l dwe detèmine si manm yo eli a kalifye pou ofri sèvis li nan CCHS la. Si Chanselye a detèmine ke yon kandida pa elijib, y ap mete desizyon Chanselye a disponib alekri pou piblik la gade l nan espas sèt jou apre desizyon an nan biwo Borough yo ak nan biwo santral FACE. Y ap mete ak desizyon sa a rezon legal ak rezon valab ki fè yo pibliye l. Y ap ranplase tout kandida ke Chanselye deside pa kalifye avèk kandida ki te vin apre l ak plis kantite vòt la depi kandida a pa soti nan yon lekòl ki gen reprezantan deja nan CCHS la.

⁶ Pou kandida ki vin diskalfiyè apre 25 jen ane yo te eli yo, y ap aplike pwosedi pou pòs vid ki nan Seksyon IX.A.2 ak IX.A.3 règleman sa a.

VII. KALANDRIYE

Chwa manm CCHS yo a ap fèt dezyèm madi mwa me 2011 ak chak de ane apre sa, ak manda k ap kòmanse 1ye jiyè ki vini apre eleksyon an. Y ap fè pwosesis eleksyon an pandan yon peryòd 90 jou. Nan peryòd sa y ap mete tan yo pran pou pibliye pwosesis la, nominasyon paran, fowòm kandida, ak vòt selektè yo fè. FACE ap presize peryòd tan pou aplike règleman sa a.

VIII. DEMISYON

A. Manm paran yo ak moun CCSE, CCELL nonmen

Demisyon paran manm ak manm CCSE ak CCELL nonmen dwe fèt alekri, epi ale jwenn Chanselye a. Chanselye a nonmen Reprizantan anchèf FACE pou resevwa demisyon yo onon l. Manm CCSE ak CCELL nonmen ap mete konsèy ki te nonmen yo a tou okouran sou demisyon an alekri, epi voye nòt la bay prezidan konsèy la. Demisyon yo ap efektif apati moman voye l oswa yo depoze l nan biwo Fonksyonè anchèf pou angajman fanmi la, amwenske yo presize yon lòt dat, pa plis pase 30 jou apre dat yo voye lèt la oswa apre yo depoze lèt la nan biwo Fonksyonè anchèf la. Manm yo pa ka chanje lide yo ni anile l, ni modifye l lè yo fin bay demisyon yo, eksepte lè Chanselye a dakò.

B. Manm Defansè piblik la nonmen

Manm Defansè piblik la nonmen dwe voye yon lèt ba Defansè piblik la pou bay demisyon yo. Demisyon sa yo ap efektif apati moman yo voye l oswa depoze l nan biwo Defansè piblik la, amwenske yo presize yon lòt dat, ki pa plis pase 30 jou apre dat yo voye lèt la oswa depoze lèt la nan biwo Defansè piblik la. Manm yo pa ka chanje lide yo sou demisyon yo fin bay la, ni anile l, ni modifye l eksepte lè Defansè piblik la dakò.

C. Elèv manm

Elèv manm yo dwe voye yon lèt ba Chanselye a pou bay demisyon yo. Demisyon sa yo ap efektif apati moman yo voye l oswa depoze l nan biwo Chanselye a, amwenske yo presize yon lòt dat, ki pa plis pase 30 jou apre dat yo voye lèt la oswa depoze lèt la nan biwo Defansè piblik la. Manm yo pa ka chanje lide yo ni anile l, ni modifye l lè yo fin bay demisyon yo, eksepte lè Chanselye a dakò.

IX. PÒS VID

A. Pòs Vid pou Manm Paran, Manm CCSE ak CCELL nonmen, ak manm Defansè Piblik nonmen

1. Si yon manm CCHS refize oswa neglije ale nan twa reyinyon CCHS pandan dire manda l san bay yon eskiz valab alekri l kote yo te avize l kòm sadwa, manm lan abandone pòs la.⁷ Yo dwe mete nan pwosès ofisyèl reyinyon sa a chak manm ki absan ak tout eskiz alekri manm sa yo bay. Asistan administratif oswa Prezidan CCHS la dwe rapòte absans tout manm Defansè Piblik la nonmen ba Defansè Piblik la. Asistan administratif oswa Prezidan CCHS la dwe rapòte absans manm CCSE ak CCELL nonmen ba konsèy ki nonmen yo a. Apre twazyèm absans nan reyinyon yon manm Defansè piblik la nonmen san l pa eskize l, CCHS la ap deklare pòs la vid dapre desizyon ki pran nan yon reyinyon, epi yo dwe avize Chanselye a (Defansè piblik la, CCSE a, CCELL la kòm sadwa) konsènan konpòtman sa a.

2. Lè gen yon pòs paran ki vid nan CCHS la, CCHS la ap konble pòs vid la pou rès manda ki poko ekspire a nan yon reyinyon piblik. Y ap bay paran elèv lekòl segondè opòtinite pou yo fè rekòmandasyon alekri pou yo konble pòs paran an epi pou yo pale avèk CCHS la avan yo konble pòs la. Tout moun ki enterese pou konble pòs paran ki vid nan CCHS la dwe ranpli yon aplikasyon. Yo ka jwenn aplikasyon an nan CCHS la oswa

⁷ Bagay sa yo reprezante rezon valab pou absans : Lanmò yon moun nan fanmi li oswa prezans li nan antèman yon moun nan fanmi li, maladi oswa chòk grav manm CCHS a oswa yon manm nan fanmi manm lan, lòd tribinal pou l prezante l tankou nan jiri ; travay militè; konfli ki gen pou wè ak travay ki fè absans yon manm nan reyinyon CCHS inevitab ak lòt rezon CCHS a jije apwopriye.

nan FACE.

3. Si CCHS la pa konble pòs vid la sou 60 jou apre yo deklare l akòz manm yo ki gen menm kantite vòt, Chanselye a ap vote pou depataje vòt la. Si CCHS la pa ranpli pòs vid la sou 60 jou pou yon lòt rezon, Chanselye a ka nonmen yon moun nan pòs vid la.
4. Lè yon pòs kote se Defansè piblik la ki te nonmen yon manm, vin lib Defansè piblik la dwe nonmen yon lòt manm pou fin fè rès tan manda a. Moun ki enterese pou ranpli pòs vid manm CCSE a oswa CCELL la nonmen yo ap mande yon fòm aplikasyon nan FACE, epi soumèt fòm lan nan FACE lè yo fin ranpli l, pou yo ka voye l nan CCSE a oswa CCELL la, jan sa apwopriye.
5. Lè yon pòs kote se Defansè piblik la ki te nonmen yon manm, vin lib Defansè piblik la dwe nonmen yon lòt manm pou fin fè rès tan manda a. Kandida ki vle Defansè piblik la nonmen yo ap jwenn yon fòm aplikasyon nan biwo Defansè piblik la epi soumèt aplikasyon yo fin ranpli a nan biwo Defansè piblik la.

B. Pòs elèv ki vid

Nan ka vin gen yon pòs Elèv vid, CSAC ap rekòmande yon lòt elèv dènye ane ki te deja pwopoze tèt li bay Chanselye a pou konsidere l pou fè rès tan manda a. Chanselye a ap enfòme CCHS la ak FACE osijè nominasyon li fè a.

X. PWOSESIS POU POTE PLENT

Yo dwe voye yon lèt ba Chanselye a pou pote plent osijè moun ki pa respekte règleman sa a sou senk jou apre swadizan vyolasyon an, epi yo dwe mete nan lèt la rezon espesyal pou plent lan.

XI. ASISTANS TEKNIK

FACE ap sipèvizè respè pwosedi ki genyen nan règleman sa a, epi l ap bay asistans teknik lè l nesesè.

Si w gen kesyon konsènan Règleman sa a, ou dwe konsidere rele :

Telefòn :
212-374-2323

Division of Family and Community Engagement
N.Y.C. Department of Education
49 Chambers Street – Room 503
New York, NY 10007

Faks :
212-374-0076